

MOWI

Kòd kondwit

**Gid sou prensip yo**

# Kontni

Entwodiksyon ..... 3

## **Respekte tout lwa ak règleman ki aplike nan biznis MOWI yo.**

1.1 respekte tout lwa ak règleman ki an fòs yo .....16  
 1.2 kondwit sou prensip yo .....17

## **Dwe onèt, jis ak merite pou fèw konfyans**

2.1 travay avèk kliyan ak founisè yo ..... 19  
 2.2 enfòmasyon ak done biznis lan ..... 20  
 2.3 prezantasyon rapò sou lajan yo.....21  
 2.4 pèman ki pa kòrek yo.....22  
 2.5 relasyon avèk founisè yo.....24  
 2.6 respekte lwa sou konpetisyon yo.....25  
 2.7 prevansyon sou blanchiman lajan.....26  
 2.8 respekte lwa ki gen rapò ak sanksyon.....27

## **Evite tout konfli ant travay ak enterè pèsònèl yo**

3.1 konfli ki gen rapò avèk enterè yo.....29  
 3.2 trafik enfòmasyon benefisyè oswa privileje yo.....31

## **Pwoteje sekirite ak sante nou**

4.1 sekirite ak sante – nan tout sa nap fè.....34  
 4.2 prensip sekirite MOWI yo.....35

## **Etabli Pratik travay ki jis epi ki san patipri yo**

5.1 vi prive.....37  
 5.2 san diskriminasyon.....38  
 5.3 dwa pou organize nou.....39  
 5.4 travay.....40

## **Sipòte kilti ki ouvè epi ki pozitif MOWI an**

6.1 kominate MOWI an.....42

## **Ede pou nou fè MOWI yon fòs pozitif nan sosyete a**

7.1 dwa moun.....44  
 7.2 angajman sosyal.....45  
 7.3 atachman ak prensip mondal yo.....46

**Konfirmasyon.....47**

Enfòmasyon ak kontak.....48

# MOWI

## Nan mond lan

MOWI gen reprezantasyon nan 25 peyi, gen 6 nan yo li devlope rekòt. Konpayi an genyen 12.500 anplwaye nan tout mond lan epi li kotize nan biznis ki nan OSLO (Novèj). Syèj santral li twouvel nan Bergen (Novèj).

### Tout peyi kote nou ye yo:

Ewòp	
Novèj	Bèljik
Swis	Oland
Ekòs	Almay
Peyi gal	Republik Tchèk
Iland	Itali
Zile fewoye	Espay
Lafrans	Tiki
Polòy	

Kanada  
Etazini

Azi  
Kore di sid  
Chin  
Japon  
Sengapou  
Taywann  
Tayland  
Vyetnam

Chili

# Vizyon nou, Valè ak prensip yo

## Dirije revolisyon ble a

Se vizyon nou, li alafwa yon anbisyon ak yon pwomès. Nou gen anbisyon pou nou se dirijan nan nivo rekòt yo ak miltipliye manje kap soti nan lanmè. An menm tan nou swete fè pati solisyon nan yonn nan pi gro defi nan epòk nou an: pwodwi bon kantite manje kap dire, ki bon pou sante epi ki ap sifi pou popilasyon ki ap grandi nan mond lan. Livrezon ak espesyalizasyon anplwaye nou yo ap pèmèt nou leve defi sa.

Plis pase 70% planèt lan kouvri avèk dlo, men Sèlman 2% nan manje ki nan mond lan soti nan lanmè an. Nou kwè nan lavni sa gen pou chanje. Nou dwe pwodwi pwoteyin nan fason enèjetikman pi efikas e responsab avèk anviwonnan an. Akwakilti a gen yon potansyèl ki sifi pou reyalize objektif sa. Pou rezon sa, nou kwè avèk fèmte "lanmè a se chan avni an"

## Valè yo

Vizyon nou lye ak yon seri valè kle:

Pasyon, echanj, konfyans ak patisipasyon, ki sèvi kòm yon pon ant istwa pasyon nou ak fyète nou, ide kreyatif ak travay di epi defi dirab ki antre nan vizyon nou an.

### **Pasyon pou Konpayi an ak pwodwi yo**

**PASYON** - Pasyon se kle reyisit nou epi se eleman ki make diferans lan.

### **Echanj se nouvo “nòmalite a”**

**ECHANJ** - Nou prepare pou echanj lan epi nap travay san entèripsyon pou amelyore aktivite nou yo

### **Konfyans lan esansyèl nan tout sa nap fè**

**KONFYANS** – Aktivite nou yo pwodwi manje san danje, bon kalite epi ki bon pou manje. Anplis, nou toujou akonpli pwomès nou yo.

### **Patisipasyon an se baz pou anplwaye nou yo.**

**PATISIPASYON** – Nou pataje konesans ak eksperyans, nou ouvè epi klè, nou kolabore ak tout moun ki entèrese nan nenpòt kwen planèt lan.

## **Prensip kap gide nou yo**

Ogmantasyon nou yo dwe dirab depi nan nivo anviwonmantal, ekonomik ak sosyal. Nou bezwen rezulta ekonomik ki atiran pou nou ka rive atenn yon nivo lajan kap pèmèt nou ankouraje devlopman dirab nan aktivite nou yo. Entèdepandans sa mennen nou devlope kat prensip fondamantal kap gide aktivite nou yo: pwofi, planèt, pwodwi ak moun.

**PWOFI**

**PWODWI**

**MOUN**

**PLANÈT**

## MOWI

### **Yon angajman pèsonèl**

---

MOWI gen moun ki gen diferans fòmasyon, nasyonalite, kilti ak koutim. Kondwit nou, sa nap fè ak sa nap di chak jou detèmine kapasite nou pou nou fè siksè kòm organizasyon.

Kòd kondwit lan etabli tip konpotman nap atann yonn de lòt, epi twazyèm pati an kapab atann de nou tou.

Kòm yon anplwaye MOWI, ou dwe pèsonelman angajew pouw swiv kòd kondwit lan, epi poze kesyon ak enkyetid nou genyen si tout fwa prensip yo mete nan liv lan pata rive respekte.

## Kiyès ki dwe swiv prensip MOWI yo?

Anplwaye, chèf ak direktè MOWI yo.

- ▶ Kòd kondwit lan aplike ak tout anplwaye, chèf ak direktè nan Konpayi MOWI yo nan nivo mondal.
- 

## Èd ak antite ki kontwole yo

- ▶ Li obligatwa pou tout antite MOWI gen plis pase 50% dwa pou vote oswa dwa pou kontwole antite an dwe adopte epi respekte sa ki ekri nan kòd kondwit MOWI an.
- 

## Antite ki pa kontwole yo

- ▶ Antite ki pa kontwole yo dwe motive pou adopte epi respekte kòd kondwit MOWI an
- 

## Twazyèm pati ki reprezante MOWI yo.

- ▶ Anplwaye MOWI yo kap travay kòm twazyèm pati yo, tankou; founisè yo, konsiltan yo, kabinè avoka yo, reprezantan lavant ak demachè yo dwe fè:
  - Asire twazyèm pati sa yo dakò pou yo respekte aspè enpotan ki nan kòd kondwit lan.
  - Transmèt twazyèm pati yo enfòmasyon nesesè ki gen rapò ak egzijans prensip yo.
  - Pran mezi nesesè, li gen ladan revokasyon si nou konstate yon moun nan twazyèm pati an vyole kèk prensip nan kòd kondwit MOWI an.

## Kisa anplwaye MOWI yo dwe fè?

Responsabilite anplwaye yo se:

### 1 Konprann kòd kondwit MOWI an

- Gen yon konpreyansyon de baz sou egzijans ki genyen nan kòd kondwit lan.
- Aprann detay sou prensip ki enpotan nan kad travay oswa responsabilite yo

### 2 Poze kesyon ak di dout nou genyen yo

- Di sa nou panse rapid vit oubyen poze kesyon sou prensip ak vyolasyon kòd kondwit lan.
- Identifie fason ki egziste pou di dout nou genyen yo si tout fwa nou ta wè prensip yo pa respekte
- Kolabore ak tout ankèt ki gen rapò ak enkyetid yo
- Al jwenn sipevizè ou an oubyen gran chèf lan (chèf sipevizè ou an), yon reprezantan travayè yo, komite jesyon an oubyen depatman resous imen an. Si nou genyen kesyon konsènan prensip yo. (konsilte paj 10: pale sou dout nou genyen yo.)

## Kisa chèf yo dwe fè?

Chèf yo dwe ankouraje aktivman kòd kondwit lan, aji tankou modèl pou kreye yon kilti kote anplwaye yo ap genyen pou Konprann responsabilite yo ak santi yo trankil pou yo pale de dout yo genyen sou prensip ak respè lwa a. Anplwaye yo dwe Konprann, rezulta biznis yo pa janm pi enpotan pase yon kòd kondwit oubyen pase respè règleman MOWI yo. Chèf yo bezwen:

### 1 Evite pwoblèm sou konfòmite yo

- Identifie risk ki gen nan biznis ak konfòmite yo, epi kominike yo.
- Asire yo fè fas kare ak risk sa yo korèkteman.

### 2 Detekte pwoblèm sou konfòmite yo

- Ankouraje sistèm konfòmite ki efikas
- Asire mwayen ki itilize pou fè pase dout yo efikas.

### 3 Reponn ak pwoblèm sou konfòmite yo

- Pran mezi korektif rapid vit pou rezoud pwoblèm ki Identifie yo, pran sanksyon epi enfòme korèkteman otorite legal konpetan yo.

## Pale sou dout nou genyen yo

Mowi gen plizyè fason pou nou pale sou dout nou genyen yo. Itilize fason wap santi ou pi alèz lan.

### Pale sou dout nou genyen yo a tan

- Plis ou pran tan, sitiyasyon an ap vin pi mal epi lap vin pi difisil pou rezoud pwoblèm nan. Nou ka pale sou dout nou genyen yo vèbalman oubyen alekrit.

### Poze tèt ou twa kesyon kle pou ou kapab pran yon desizyon sou prensip yo.

- Èske sa legal? Èske map vyole lwa a? Prensip Konpayi yo? Oubyen Pratik règleman yo?
- Èske sa jis? Èske sa jis pou tout moun ki enplike yo? Ki moun ki enplike pou anpil tan? Èske sa ap ankouraje yon relasyon solid pou lavni?
- Kòman mwen tap santim ak tèt mwen? Mwen tap santim fyè? Mwen tap vle se mwen pase zanmi mwen yo/ fanmi mwen yo/ kolèg mwen yo ki tap Aprann sa nan jounal?

### Kiyès pou mwen al jwenn

#### Kontakte dirèkteman sipezizè oubyen chèf ou an

- Se opsyon ki pi rapid, efikas epi ki pi rekòmande, men se pa sèl opsyon ou genyen.

#### Kontakte "gran chèf ou an"

- Sa vle di chef chèf ou an; se yon fason pou ou kapab apwoche ou devan gran chèf lan.
- Itilize mwayen sa si ou santi ou paka ale rapid vit devan sipezizè ou an dirèkteman oubyen si li pata gen repons kòrek ak kesyon ou an. Ou ka pale sou dout ou yo nan fason vèbal oubyen alekrit.

### **Kontakte yon reprezantan travayè yo**

- MOWI kontwole aktivman enkyetid ki soti bò reprezantan travayè yo

### **Kontakte direksyon gwoup lan oubyen resous imen yo**

- Opsyon ki enpotan, si ou pa dakò avèk liy yerachik lan oubyen kòd regilye an.

### **Enfòme dirèkteman nan mwayen prive MOWI genyen pou denonse an.**

Rapò yo ka soumèt nan mwayen prive MOWI genyen pou denonse an (whistleblowing)

- Itilizasyon mwayen pou denonse an (whistleblowing) ka enpotan lè li difisil oubyen enposib pou enfòme depatman yo mansyone yo, oswa si rapò ou yo pa byen trete.

### **Kisa ki ap pase apre?**

- Wap jwenn tout enfòmasyon ou bezwen yo nan pwosesis pou denonse an prive (whistleblowing) gwoup MOWI genyen an.

### **Kontak pou mande enfòmasyon yo**

#### **Reprezantan sendikal yo**

Si ou pa konnen kijan pou ou antre an kontak avèk reprezantan anplwaye yo, silvouplè Kontakte depatman resous imen an.

#### **Prezidan konsèy administrasyon an oubyen komite oditwa a.**

Silvouplè konsilte seksyon kòd kondwit lan sou rezo enfomatik MOWI an. Si ou paka gen aksè avèk rezo enfomatik lan, silvouplè konsilte depatman resous imen an.

## Rapòte vyolasyon sou kòd kondwit lan

### **Responsabilite pou Rapòte**

Si ou gen yon enkyetid sou vyolasyon prensip MOWI yo ou dwe pran responsabilite ou epi fè konnen sa.

### **Ou kapab fè sa nan fason anonim**

Sepandan, si ou Idantifye tèt ou, nou kapab fè swivi a ansanm epi ba ou opinyon nou.

### **Respè pou konfidansyalite**

Idantite ou avèk enfòmasyon ou bay lan pral pataje Sèlman nan limit ki strikteman nesesè epi ak Sèlman moun ki responsab pou jwenn yon solisyon avèk enkyetid ou an.

### **Vanjans ap vyole prensip MOWI yo**

- MOWI entèdi absoliman tout vanjans kont nenpòt moun ki ta fè konnen oubyen Idantifye yon enkyetid sou vyolasyon kòd kondwit lan. Vanjans lan gen pinisyon ak sanksyon ki vrèman di pou li, ka menm gen revokasyon.
- Sitiyasyon kote vanjans yo kapab yon enkyetid, ou dwe fè konnen sa pi vit posib lè sitiayson an mande sa.

## Sanksyon sou vyolasyon kòd kondwit lan

MOWI rekonèt gran majorite anplwaye li yo se moun onèt, ki konn travay, pou sa yo pa bezwen règleman ki eksplike sa ki bon ak sa ki apwopriye nan jere yon biznis. Malgre sa, nou bezwen yon kòd kondwit pou klarifye tèm yo, anmenmtan, tout règleman nan nenpòt konpani dwe akonpanye ak sanksyon nan ka règleman yo pa respekte.

### **Objektif jeneral pou aplike sanksyon yo se jistis ak transparans.**

#### **Aplikasyon lwa lokal yo**

Kote ki gen vyolans yo, otorite jidisyè lokal yo kapab pran sanksyon ki kòrek yo, ki gen ladan pouswit jidisyè kriminèl.

#### **Pwolonje prensip yerachi an lè gen vyolans yo**

- Pwolonjman prensip "gran chèf lan" ap reyalize; sa vle di responsab nan nivo anlè yo ap deside sanksyon moun ki enplike nan vyolasyon an.
- Desizyon yo ap pran ak respè.  
Pou yon sanksyon ap gen pwosesis apwopriye, li ka gen ladan patisipasyon chèf yo/  
Responsab yo, Kelkeswa ka a, sanksyon an ap respekte tout prensip ki etabli nan kad Travay lan, etc...

## Gravite sanksyon yo

Chèf "gran chèf lan" ap deside gravite sanksyon yo. Lap deside si sitiayson an se yon neglijans grav oubyen se yon aksidan/ san domajman.

- Neglijans grav oubyen fè eksprè: lè repitasyon biznis lan oubyen biznis lan nan li menm soufri domajman nan materyèl yo, sa ap mande revokasyon anplwaye a avèk yon rapò pou otorite lokal yo.
- Nenpòt vyolasyon prensip ki senp oswa envelopontè ki soti, pa egzanp: prensip kontradiktwa, pwosedi operasyon estanda oswa dènye chanjman nan lwa yo. Sanksyon yo ap varye soti nan yon avètisman ekri rive nan yon avi vèbal.
- Lòt vyolasyon; yo sipoze, tout lòt enfraksyon ki rantre nan kad aksidan/ san domajman avèk neglijans grav oswa pa eksprè. Sanksyon sa yo dwe nan de nivo sa yo: yon avi vèbal ak revokasyon, desizyon sa ap rete nan direksyon ki koresponn pou sa. (pa egzanp: "gran chèf lan")

## **Respekte tout lwa ak règleman ki aplike nan biznis MOWI yo**

**1.1** Respè pou lwa ak règleman ki an fòs yo

**1.2** Kondwit sou prensip yo

## 1.1

### **Respè pou lwa ak règleman ki an fòs yo.**

Anplwaye MOWI yo pral respekte lwa ak règleman ki aplike pou kontwole aktivite biznis nou yo nan mond lan.



#### **Kisa nou dwe fè?**

- Konnen kondisyon legal ki aplike yo ak règleman nan peyi a ak rejon kote nou travay e ki afekte biznis nou an.
- Konprann kiyès ki otorite kle yo epi ki priyorite yo sou kesyon règleman yo.
- Rapòt rapid vit nenpòt alèt wouj oswa bagay ki ka koz gwo pwoblèm ki kapab mennen yon vyolasyon



#### **Dwe atantif avèk**

- Nouvo lwa oubyen règleman yo, ak amannman legal ki ka afekte biznis nou an; gen anpil pwoesis kap alète nou sou sa.
- MOWI se yon antrepriz mondal ki gen rapò ak plizyè rejim legal. Anpil peyi kenyen lwa ak règleman ki afekte aktivite menm andeyò teritwa a, kidonk, nou dwe rete vigilan sou lwa etranje ki ka afekte biznis nou yo. (pa egzanp: règleman sante nan yon mache kap ekspòte, konpetisyon ak lwa sou komès, lwa anti-koripsyon)

## 1.2

### Kondwit sou prensip yo

MOWI aplike règleman prensip ki strik nan zafè biznis li yo nan tout mond lan. Anplwaye yo paka patisipe nan aktivite ki gen vòl oswa ki koronpi.



#### Kisa nou dwe fè?

- Kòm kòd kondwit lan paka Reponn avèk chak sitiyasyon ki gen dout ladan, se poutèt sa nou dwe aplike bon jijman nou epi kite nou gide ak konsyans nou. Si yon sitiyasyon pa jis oubyen gen erè ladan, nou pa inyore santiman sa; chèche ouvètman asistans ak oryantasyon sipevizè nou yo. Oswa nan nivo dirijan yo oubyen lòt moun.
- Sonje responsabilite legal ou, koporatif ak prensip pou asirew ou pap apiye aktivite ki gen vòl epi ki koronpi.
- Fè atansyon lè ou ap resevwa oubyen fè yon kado, sejou, ak aktivite sou lwazi, tankou don oubyen avantaj politik yo.
- Enfòme rapid vit nenpòt sa ou sispèk oubyen bagay ki ka depase limit prensip yo oswa ki legal yo.



#### Dwe atantif avèk

- Fo dilèm ki baze sou chwazi ant yon atitud ki mal sepandan ki pa fasil, epi pratik ak yon kondwit ki kòrek men ki gen plis travay epi ki difisil.
- Aktivite, sitiyasyon oubyen presyon ki soti nan twazyèm pati yo pou yo fè oubyen pa fè Yon bagay ki dwe rete an sekrè ki pa dwe ouvètman diskite avèk konpanyon nou yo.

# 2

## Dwe onèt, jis ak merite pou fèw konfyans

- 2.1** Travay avèk kliyan ak founisè yo
- 2.2** Enfòmasyon ak done biznis lan
- 2.3** Prezantasyon rapò lajan yo
- 2.4** Pèman ki pa kòrek yo
- 2.5** Relasyon avèk founisè yo
- 2.6** Respè pou lwa sou konpetisyón yo
- 2.7** Prevansyon sou blanchiman lajan
- 2.8** Respè pou lwa ki gen rapò ak sanksyon

## 2.1

### Travay avèk kliyan ak founisè yo

Mowi travay nan tout moman avèk kliyan ak founisè li yo nan fason konsistan ki kontribiye nan prestij li kòm asosye komèsyal serye, onèt ak merite pou fe konfyans.



#### Kisa nou dwe fè?

- Asire nou tout obligasyon MOWI yo ki nan relasyon avèk kliyan ak founisè li yo kle, dokimante nòmalman epi tout moun ki enplike yo Konprann.
- Asire nou tout antant asosye komèsyal nou yo alinye korèkteman avèk entansyon epi reprezantasyon MOWI yo.
- Pa fè fo temwanyaj kap pwovoke ere nan prezantasyon oubyen negosyasyon yo.
- Pran mezi korektif yo rapid vit le gen malantandi ki ka afekte biznis yo oubyen repitasyon MOWI AN.



#### Dwe atantif avèk

- Envitasyon moun ki konplis nan fè fo entepretasyon oubyen nan kèk sitiyasyon ki pa konplè
- Eksplwate kèk sitiyasyon oubyen malantandi pou jwenn benefis pou yon ti tan, ki gen kapasite pou sal repitasyon ak relasyon komèsyal MOWI yo.
- Mennen tout asosye komèsyal yo pou yo kapab fè sipozisyon ki nètman kontrè ak entansyon, plan oubyen reyalite yo nan yon sitiyasyon byen detèmine nan MOWI.

## 2.2

### Enfòmasyon ak done biznis lan

Mowi bay enfòmasyon ak done biznis lan nan fason konplè, a lè epi kòrek ak piblik lan, avèk aksyonè epi asosye komèsyal nou yo.



#### Kisa nou dwe fè?

- Fè prezantasyon ak etabli dyalòg an piblik sou baz objektivite avèk travay ki kapab verifye.
- Aji nan fason onèt, jis, evite konfli reyèl oubyen aparan nan relasyon pèsonèl ak pwofesyonèl yo.
- Aji an bòn fwa, avèk responsabilite, atansyon, konpetans ak dilijans, san fo enfòmasyon materyèl ni pèmèt soumisyon yon pwosè endepandan.
- Garanti respè nòm ak règleman otorite federal yo, leta pwovens ak lokal yo, tankou lòt antite piblik ak prive regilye ki enpotan yo.
- Fè piblik la konnen sèlman chif ki anrejistre nan rapò chak trimès ak chak ane yo, sof si genyen yon otorizasyon espesifik pou sa.



#### Dwe atantif avèk

- Kominike sou opinyon ki paka verifye epi ki pa genyen done ki pou verifye yo.
- Revelasyon enfòmasyon konfidansyèl.
- Evite reyalite oubyen enfòmasyon ki ka chanje imaj konteks general kote yo parèt yo.
- Chanjman oswa amannman ki fèt nan nenpòt dokiman oswa deklarasyon paske li gen reyalite oswa opinyon MOWI pa dakò yo.
- Itilize logo MOWI a nan milye sosyal yo oubyen nan kont ki ouvri sou rezo sosyo yo sou non MOWI, sof si genyen yon otorizasyon espesifik pou sa.

## 2.3

### Prezantasyon rapò sou lajan yo

MOWI bay rapò konplè, san pati pri, a lè, bay pri ak konpreyansyon sou rezulta ak sitiayson finansyè antrepriz lan.



#### Kisa nou dwe fè?

- Asire kontabilite MOWI an byen reflete tranzaksyon ak kont yo nan Konpayi nou an.
- Bay eleman ki gen enfòmasyon egzakt, konplè, ki objektif epi apwopriye, ki a le epi konpreyansif dapre prensip ki enpotan yo.
- Pa manipile ni bay fo enfòmasyon pou fè parèt yon bagay ki pa gen anyen pou wè ak reyalite a,
- Asire yon deskripsyon konplè, san pati pri, ki gen presizyon, ki a lè ak konpreyansif nan anons piblik yo.



#### Dwe atantif avèk

- Amannman oswa modifikasyon sou kont oswa eta finansyè yo pou jwenn rezulta finansyè ki plis an favè MOWI YO.
- Inyore reyalite oubyen enfòmasyon enpotan ki bay yon enpresyon diferan nan kontèks mondal kote yo prezante a,
- Dekouvrir enfòmasyon konfidansyèl yo.

## 2.4

### Pèman ki pa kòrek yo

MOWI entèdi pèman kap rantre soti yo ki fèt nan fason ki pa kòrek yo, pou jwenn avantaj nan nenpòt peyi nan mond lan, ki nan sektè piblik ak sektè prive. Ou kapab resevwa kado ak favè ki gen non, bagay ki pa an kachèt epi ki nan limit yo bay yo.



#### Kisa nou dwe fèt?

- Avan ou bay yon kado oubyen fèt yon depans ou dwe konprann prensip ki aplike yo, règleman oubyen koutim yo.
- Pote dosye ki egzakt sou tranzaksyon sa yo.
- Konpòte nou ouvètman, diskite davans sil posib ak yon sipevizè oubyen yon chèf siperyè tout sa ki depanse avèk sa ki rantre ki gen yon valè ki plis pase 500 kouwòn nòvejyen (NOK) oswa ekivalans li nan lajan lokal la.
- Pa janm bay ni resevwa envitasyon oubyen kado ki soti nan twazyèm pati an ki ka bay enpresyon sou yon bagay ki pa kòrek.



#### Dwe atantif avèk

- Enfòmasyon an background, ki gen repitasyon etc..., ki endike pratik ki pa kòrek nan biznis lan, koripsyon oswa nenpòt lòt relasyon ki pa kòrek.
- Envitasyon oswa kado ki soti nan twazyèm pati an pandan nivo yo pa pèmèt yo gen relasyon avèk MOWI.
- Nenpòt pwopozisyon ki fèt avan nenpòt akò nan biznis yo pou resevwa lajan, komisyón etc...
- Nenpòt pwopozisyon pou fè yon pèman nan yon peyi diferan, ki gen non prive oswa ki pa gen relasyon avèk tranzaksyon an.
- Nenpòt sigjesyon kap pèmèt biznis lan jwenn yon "relasyon espesyal"

## 2.5

### **Relasyon avèk founisè yo**

**Tout relasyon MOWI avèk founisè li yo ap legal, efikas epi jis.**

- ➡ Tout biznis yo, gwo ak piti oswa sa ki gen posesyon majorite ak minorite, dwe jwi menm avantaj pou fè konpetisyon nan biznis yo.

#### **Founisè yo pral ajoute sekirite ak sante kòm yon priyorite**

- ➡ Preferans pou Konpayi ki gen bon respè pou zafè sekirite ak sante oswa nan yon pwosesis amelyorasyon ki evidan.
- ➡ Tout kondisyon sante oswa sekirite ki pa akseptab yo ap diskalifye yon founisè.

Founisè MOWI yo dwe genyen yon bon kondwit ki dirab epi konsistan avèk nesesite jenerasyon kap vini yo.

Founisè yo avèk aktivite yo an dwe respekte sa ki ekri nan kòd kondwit MOWI an.

## 2.5 Relasyon avèk founisè yo



### Kisa nou dwe fè?

- Konnen epi swiv règleman ak egzijans lwa ki aplike yo
- Trete founisè yo avèk koutwazi epi san pati pri.
- Seleksyone founisè yo sou baz objektivite ak dokimantasyon
- Bay tout founisè yo yon opotinite klè epi san pati pri pou fè konpetisyon pou yon biznis.
- Jere biznis ki genyen aspè ki sansib avèk aspè teknik nan ekipman ki konfidansyèl yo, avèk swen epi bon kondisyon.
- Bay tout founisè yo kòd kondwit MOWI an.



### Dwe atantif avèk

- Kondisyon ki danjere nan enstalasyon ki ranje pou bay sèvis yo.
- Anplwaye yo ki an chaj pou ekipman an, kiyès yo ye? Yo gen laj minè oubyen yap travay sou presyon?
- Parèt endiferan devan kritè ki nan anviwonnan yo epi nan operasyon sou ekipman yo.
- Konfli enterè potansyèl yo, depandans pèsonèl oswa nenpòt lòt relasyon ki pa kòrek avèk yon founisè.
- Nenpòt sitiayson ki paka diskite ouvètman avèk yon founisè, tankou lòt operasyon chak jou MOWI yo.

## 2.6

## Respè ak tout lwa sou konpetisyon yo

MOWI ap respekte tout lwa sou konpetisyon ki aplike yo.

Anplwaye MOWI yo pap siyen okenn akò oswa fè rezònman ak konpetitè yo, ni angaje tèt yo nan okenn lòt kondwit ki pa konpetan nan konpetisyon an.



### Kisa nou dwe fè?

- Pa diskite ni siyen okenn akò ni fè rezònman avèk yon konpetitè oswa reprezantan konpetitè a sou: pri yo, òf yo, zòn ki gen lavant, kliyan yo, kondisyon sou lavant yo, pwodiksyon, kapasite sou lavant yo ak volim yo, pri yo, salè yo oswa kotizasyon nan mache yo.
- Evite kontak avèk konpetitè yo konsènan pri, kapasite oubyen nenpòt lòt zafè kote ki kapab gen prezans yon konplis.
- Konsilte sipevizè nou an imedyatman oubyen chèf sipevizè a anka ou ta fè fas avèk yon aktivite oswa yon evènman ki ka bay yon pwoblèm avèk lwa sou konpetisyon yo.



### Dwe atantif avèk

- Akò oswa pratik ki kapab mete restriksyon pou kliyan pa fè chwa ak yon founisè, bay pri yo gratis oswa aksè nan mache a.
- Echanj enfòmasyon oswa aranjman komèsyal ak konpetitè yo, sitou sa ki gen rapò avèk kondisyon yo, pwoblèm pri oswa volim lavant yo.
- Demand pou bòykote yo oswa lòt aktivite kap mete kliyan ak founisè yo nan dezavantaj ki pa jis.
- Aranjman ti zanmi kap mete kèk konpayi nan yon dezavantaj avèk konpetitè li yo.

## Prevansyon sou blanchiman lajan

MOWI pral fè negosyasyon sèlman avèk kliyan ak founisè ki gen bon repitasyon, ki patisipe nan biznis ki fyab ak finansman ki soti nan sous ki fyab.



### Kisa nou dwe fè?

- Respekte lwa yo ki aplike sou entèdiksyon blanchiman lajan epi ki egzije rapò tranzaksyon lajan ki fèt kach yo oubyen ki sispèk yo
- Konnen kliyan ak founisè nou yo byen, epi pran mezi rezonab pou detekte fason yap peye ki sispèk epi ki pa akseptab yo,
- Aprann konnen fason yap peye ki sispèk yo (pa egzanp: plizyè tranzaksyon oswa chèk twazyèm pati yo bay yo.)
- Ekri ak bay rapò nenpòt ti bagay an kachèt ki genyen nan fason yap peye yo.



### Dwe atantif avèk

- Asosye komèsyal ki refize bay enfòmasyon ki konplè yo.
- Pèman kach oswa pèman ki sanble pa genyen relasyon avèk yon asosye komèsyal
- Estrikti ki vrèman konplèks pou tranzaksyon yo.
- Transfè lajan ki dwòl yo, zòn ki dwòl yo, pèman ki fèt nan peyi ki diferan ak peyi nap fè biznis lan.
- Tranzaksyon ki estriktire pou evite swivi nan dosye yo.

## Respekte lwa ki gen rapò ak sanksyon

MOWI ap respekte tout lwa ki gen rapò ak sanksyon ki enpòtan yo, fè biznis sèlman avèk kliyan ak founisè ki onèt yo.



### Kisa nou dwe fè?

- Pa rantre nan koze kontra avèk kliyan oswa founisè ki defini kòm moun ki gen restriksyon oswa ki nan yon peyi ki anba lwa ki aplike sou sanksyon.
- Evite tout aktivite ki ka koz MOWI oswa yonn nan anplwaye li yo klase kòm moun ki genyen restriksyon anba lwa ki gen rapò ak sanksyon.
- Mete an pratik pwosedi kap garanti respè lwa ki gen rapò ak sanksyon yo.
- Dilijans ki fèt sou kliyan ak founisè yo nan respè pou biznis yo ak jiridiksyon nan kote yap opere yo.



### Dwe atantif avèk

- Asosye komèsyal yo ki refize bay enfòmasyon ki konplè.
- Pèman kach oswa pèman ki sanble pa gen relasyon avèk yon asosye komèsyal.
- Estrikti ki vrèman konplèks pou tranzaksyon yo.
- Transfè lajan ki dwòl yo, zòn ki dwòl yo, pèman ki fèt nan peyi ki diferan ak peyi nap fè biznis lan.
- Tranzaksyon ki estriktire pou evite swivi nan dosye yo.

# 3

## **Evite tout konfli ant travay ak enterè pèsonèl yo**

- 3.1 Konfli ki gen rapò avèk enterè yo
- 3.2 Trafik enfòmasyon benefisyè oswa privileje yo

### 3.1

#### Konfli ki gen rapò avèk enterè yo

Nou dwe evite tout konfli yo, oswa konfli aparan yo ant responsabilite travay MOWI yo ak aktivite nan tan lib yo oubyen enterè yo oswa biznis pèsonèl yo.



#### Kisa nou dwe fè?

- Anplwaye ki okipe yon pòs pou pran desizyon, oswa ki gen enfliyans nan pòs sa yo gen entèdiksyon pou okipe dirèkteman oswa endirèkteman pòs chèf oswa manadjè nan konpayi MOWI gen relasyon komèsyal yo, sa vle di, nan konpayi li achte oswa vann pwodwi oubyen bay sèvis li yo. Menm prensip sa aplike nan konpayi ki nan konpetisyon ak MOWI yo. Nan definisyon anplwaye sa yo, madanm oswa mari anplwaye yo ak pitit li yo ki minè. Anmenmtan, prensip sa yo aplike pou chèf ak manadjè ki nan konpayi ki pa kotize nan biznis lan.
- Anplwaye ki okipe pòs pou pran desizyon yo, oswa ki gen enfliyans nan pòs sa yo dwe enfòme direktè li an sou sa. Pòs chèf sa ki gen rapò avèk lòt moun (tankou manm fanmi yo ki diferan de mari ak madanm oswa timoun ki minè yo) ki gen nan konpayi ki pa kotize nan biznis MOWI genyen oswa te ka genyen relasyon komèsyal yo. Direktè a pral egzamine tout konsekans komèsyal ak organazyonèl yo nan sitiyasyon sa epi asire pa gen okenn konfli enterè.
- Ni anplwaye yo, ni manm konsèy yo paka pran pozisyon chèf nan sosyete kote kapab genyen nepòt konfli enterè oswa pwoblèm potansyèl nan enfòmasyon privileje yo. Nan ka ta genyen kèk dout sou sa, yo dwe fè responsab lan konnen sa.

### 3.1 Konfli ki gen rapò avèk enterè yo



#### Kisa nou dwe fè?

- Identifie tout aktivite ki fèt deyò ak enterè lajan ki gen kapasite pou koze konfli yo oswa ki sanble konfli ki gen rapò avèk enterè sou responsabilite MOWI yo
- Pa itilize san rezon resous MOWI yo pou pwofi pèsonèl
- Pa pwofite pran avantaj nan benefis ki soti nan MOWI y
- Jwenn otorizasyon avan ou aksepte nenpòt pwopozisyon ki soti deyò pou okipe yon pòs direktè ki ka rantre nan konfli avèk enterè MOWI yo oswa responsabilite travay anplwaye yo.



#### Dwe atantif avèk

- Envestisman pèsonèl nan késyon tan oswa lajan nan konpayi (pa egzanp; nan yon kliyan oswa yon founisè) ki gen relasyon avèk MOWI.
- Benefis pèsonèl yo ki ranfòse pozisyon nou oswa responsabilite nou anndan MOWI
- Relasyon pèsonèl yo ki kapab afekte respè pou responsabilite travay nou yo avèk MOWI (pa egzanp: chwa founisè yo ki enplike zanmi oswa moun yo rekonèt)

### 3.2

#### **Abi nan enfòmasyon ki privilejye epi mete nan lari enfòmasyon sou acha ak vant aksyon yo.**

Li ilegal achte oubyen vann aksyon/ valè sou òf ak demand yo sou baz enfòmasyon ki pa pibliye (privilejye). Li pa legal nonplis pou kominike (oswa rekòmande) enfòmasyon sou mache echanj oswa privilejye an.

**MOWI respekte lwa ki an fòs yo ki nan Novèj ak egzijans nan biznis yo ki nan Oslo.**

→ Nan relasyon avèk sekrite li yo, ak konsiderasyon pou kenbe pwosedi li yo li ki pale de avètisman sou entèdiksyon pou fè komès avèk inisyé yo, kenbe dosye ak egzijans sou notifikasyon yo.

### 3.2 Abi nan enfòmasyon ki privilejye ak mete nan lari enfòmasyon sou acha ak vant aksyon yo



#### Kisa nou dwe fè?

- Konnen epi respekte lwa sou mache echanj yo epi règleman ak avi MOWI yo nan relasyon ak entèdiksyon kèk operasyon nan komès yo.
- Pa achte ni vann aksyon/ biznis MOWI yo oswa nenpòt lòt konpayi pandan nou an posesyon enfòmasyon sou komès ki rezève yo.
- Pa rekòmande ni sigjere ak lòt moun acha oswa vant aksyon/ biznis MOWI yo oswa nenpòt lòt konpayi pandan nou an posesyon enfòmasyon sou komès ki rezève yo.
- Kenbe nenpòt enfòmasyon konpayi a anba konfidansyalite ki strik.



#### Dwe atantif avèk

- Diskisyon sou biznis avèk fanmi ak zanmi yo
- Aktivite sou Envestisman anndan konpayi MOWI an oswa founisè yo, oubyen kliyan yo
- Komante sou sa nap fè nan travay nou, kote nou prale pandan nap vwayaje pou nou ale fè biznis oswa kiyès ki te vizite biwo nou yo
- Acha oswa vant aksyon yo/ biznis MOWI yo sou enfòmasyon ki vrèman enpotan nou kapab tande oswa ki kapab afekte pri yo si yo pibliye yo.
- Patisipasyon nan aktivite sou komès nan yon antrepriz avan oswa nan moman genyen yon anons enpotan kap pase (Itilizasyon reyèl oswa aparan enfòmasyon ki rezève yo)

# 4

## Pwoteje sekirite ak sante nou

**4.1** Sekirite ak sante nan tout sa nap fè

**4.2** Prensip sekirite MOWI yo

## 4.1

# Sekirite ak sante nan tout sa nap fè

Pou MOWI sekirite ak sante primodya nan tout sa nap fè epi esansyèl pou anplwaye ak fanmi li yo, kominote a ak kliyan nou yo.

MOWI egzije pou kominote a pa melanje avèk okenn lòt priyrite nan biznis lan.

**Gade prensip sekirite MOWI yo.**

## MOUN

Anviwonnan	lavi mwen	pratik
------------	-----------	--------



## Kisa nou dwe fè?

- Konprann ak respekte prensip sekirite MOWI yo
- Angaje nou pou nou kapab responsab pwòp sekirite nou nan tout sa nap fè
- Travay pou sekirite lòt yo, kominike epi fè fas avèk moun ki bò kote nou pou sipòte yo konsènan konpòtman sekirite yo



## Dwe atantif avèk

- Dwe pasif nan sa ki gen rapò avèk sekirite, panse zafè sekirite a ka pa twò gen sans pou li se yon priyrite oswa zafè sekirite a se responsabilite lòt yo.
- Aspè nan anviwonnan yo (ekipman, zouti, pwòpte etc...) oswa pratik travay yo ki reprezante yon risk nan domèn sekirite a oswa amelyore epi vin pi asire.

#### 4.2

## Prensip sekirite MOWI yo

- Tout zòn ki genyen pwodiksyon yo ap etabli objektif sekirite yo chak ane avèk plan aksyon (kisa? Kiyès? Kilè?)
- Tout zòn pwodiksyon yo ap gen estanda ki wo nan ijèn ak pwòpte
- Tout gran responsab yo ap gen pou fè tchèk sou sekirite yo (mache – obsève - pale)
- Tout travayè yo ap gen pou patisipe detanzantan nan reyinyon sou sekirite yo.
- Itilizasyon ekipman pou pwoteksyon ak djakèt pou sove vi yo ap gen pou bay avèk
- anplwaye yo, demachè ak vizitè yo
- Nan tout pòs travay yo, ekipman ak materyèl ki kapab koze danje yo, yap fè yon evalyasyon sou risk ki nan sekirite yo. Pati yo konsidere ki pi kritik yo, yap fè yon revizyon chak ane nan yo.
- Yap mete yon sistèm pou pèmisyon nan travay la, yap gen pou fèmen epi kadnase espas ki fèmen yo pou pwoteje travay lan
- Yo pral mete yon sistèm apwobasyon pou demachè yo
- Yap gen pou mennen envestigasyon epi rapòte tout aksidan yo. Yap gen pou analize rezon ki koze aksidan yo epi apre pote koreksyon nan aksyon ki te pase a
- Yo pral etabli yon plan pou repons nan ka ijans yo, yap gen pou eseye yo yon fwa chak ane pou pi piti.
- Tout gwoup ki nan biznis yo ap gen yon komite sou sekirite, lap genyen ladan gran chèf zòn pwodiksyon yo ak lòt mamm kap gen pou konsantre yo sou yon apwòch sekirite nan tout organizasyon an.
- Yo pral aplike yon pwogram fòmasyon sistematik ak peryodik

# 5

## Etabli pratik travay ki jis epi san patipri

- 5.1** Vi prive
- 5.2** San diskriminasyon
- 5.3** Dwa pou organize nou
- 5.4** Travay

## 5.1

# Vi prive

MOWI angajel pou li respekte vi prive chak moun epi jere enfòmasyon pèsonèl yo nan fason ki responsab epi nan konfòmite avèk lwa sou vi prive ki aplike pou sa.



## Kisa nou dwe fè?

- Konprann ak respekte lwa ak règleman yo avèk prensip ki obligatwa nan antrepriz (Binding Corporate Rules) MOWI ki aplike nan kesyon vi prive
- Kolekte, travay ak itilize enfòmasyon pèsonèl sèlman pou rezon biznis ki fyab yo.
- Pran swen ak anpeche aksè san otorizasyon nan enfòmasyon pèsonèl yo
- Avize imedyatman gran chèf sipevizè nou an si nou ta okouran de yon transgresyon sou vi prive epi fè swivi pou pran mezi korektif yo.



## Dwe atantif avèk

- Kontwòl ki pa apwopriye sou sekirite yo, oswa woutin sou enfòmasyon pèsonèl, tankou jan yo agrandi distribisyon mesaj elektronik yo, kite oubyen bliye dokiman nan machin ki pou fè enpresyon ak fotokopi yo.
- Pataje enfòmasyon pèsonèl avèk twazyèm pati an, tankoiu vandè oswa founisè yo.
- Transfere enfòmasyon nan lòt peyi san konsidere kondisyon sou lwa ki aplike yo

## 5.2

# San diskriminasyon

Tout aktivite MOWI yo ap gen pou fèt san diskriminasyon sou kesyon ras, orijin etnik, orijin lokal oswa lot orijin, andikape, laj, sèks, oryantasyon seksyèl, lang, reliyon, oswa nenpòt lòt karakteristik ki ka koz yon moun pa trete tankou moun.



## Kisa nou dwe fè?

- Toujou montre respè pou tout moun tankou moun, pa trete moun yo selon klas sosyal yo.
- Pran desizyon pou anplwaye moun sou baz kalifikasyon travay (edikasyon, eksperyans) ak merit
- Kreye yon anbyans travay ki lib san vye deranjman ak entimidasyon
- Al kote yon chèf siperyè si sa ta rive genyen yon konfli sou diskriminasyon ak lwa yo, pratik yo oswa koutim yo nan yon zòn an patikilye



## Dwe atantif avèk

- Yon anbyans travay ki pa favorab oswa yon sitiyasyon kote nenpòt moun santi yo ekskli oswa rejete
- Vyolasyon nenpòt lwa travay
- Refi pou travay oswa pou kolabore avèk kèk moun akoz yon karakteristik jeneral

### 5.3

## Dwa pou organize nou

MOWI rekonèt dwa san anpechman travayè li yo pou yo fòme ak ini yo nan gwoup pou pwomosyon ak defans enterè travay yo, ki gen ladan dwa pou patisipe nan akò negosyasyon kolektif.



### Kisa nou dwe fè?

- Konnen ak konprann tout obligasyon legal lokal yo oswa ki gen rapò avèk negosyasyon kolektif yo
- Patisipe nan yon dyalòg ki lib epi epi ki ouvè nan sa ki konsène kondwit sou travay ak tout relasyon sou travay ki nan MOWI yo.



### Dwe atantif avèk

- Presyon gwoup deyò ki entèrese yo oswa lòt gwoup ki genyen yon ajanda sou prensip ki diferan ak règleman sou kòd kondwit MOWI an
- Aktivite oswa ajanda yo sigjere sou pratik travay yo ki pa fè pati de yon dyalòg ki ouvè avèk anplwaye MOWI yo.

## 5.4

# Travay fòse oubyen pou minè yo

Mowi angajel pou abolisyon travay pou timoun ak tout fòm travay fòse oswa obligatwa.

MOWI konsidere pou yo pa anboche minè yo ki pa fin konplete enstriksyon skolè obligatwa a selon lwa nasyonal la, epi pa kite okenn ka kote kapab gen minè 15 lane yo.



## Kisa nou dwe fè?

- Identifie ki kote ki genyen yon risk pou operasyon MOWI yo, founisè oswa distribisyon chanèl ki mete travay pou timoun oswa travay fose akòz kondisyon lokal yo
- Konprann epi respekte tout lwa ki aplike ak konvansyon entènasyonal yo sou pratik travay MOWI ap apiye epi abone yo
- Anbochaj tanporè travayè yo, li fè pati règleman sa. (li konsidere apa travay chak okazyon etidyan yo, chak vakans skolè ki gen rapò avèk koutim lokal yo).



## Dwe atantif avèk

- Anplwaye founisè yo, kiyès yo ye? Yo gen ti laj oubyen yap travay sou presyon?
- Founisè ki voye ranplasan yo ki refize bay enfòmasyon ki konplè sou operasyon yo, oswa ki pa dakò resevwa vizit ak enspeksyon.

# 6

## **Sipòte kilti ki ouvè epi ki pozitif MOWI an**

**6.1** Kominote MOWI an

## 6.1

# Kominote MOWI an

MOWI gen pou objektif pou li se yon kominote ki ouvè sou travay, pozitif ak solidè.



## Kisa nou dwe fè?

- Montre respè ak solidarite ak moun yo epi avèk kilti ki diferan yo
- Eksprime opinyon nou yo avèk dezakò yo ouvètman, nan respè epi pote solisyon
- Rekonpanse moun ki merite sa epi ankouraje travay ki di epi ki gen valè
- Ankouraje opòtinite ki genyen sou dewoulman, fòmasyon ak edikasyon
- Trete bagay pèsonèl yo avèk diskresyon, swen ak solidarite



## Dwe atantif avèk

- Kondwit ki vrèman kontrè avèk kilti ak aspirasyon MOWI yo.
- Konpòtman ki endike yon moun santil ekskli oswa pa byen trete
- Konpòtman ki kapab endike prezans siti�asyon pèsonèl yo, tankou dependans oswa
- konsomasyon dwòg, depresyon, oubyen sentom negative sou strès ki paka kontwole yo

# 7

## **Ede pou nou fè MOWI yon fòs pozitif nan sosyete a**

**7.1** Dwa moun

**7.2** Angajman sosyal

**7.3** Atachman ak prensip mondal yo

## 7.1

### Dwa moun

MOWI apiye ak veye respè sou deklarasyon inivèsèl dwa moun yo ak operasyon li yo.

MOWI egzije yon angajman ki menm jan bò kote founisè li yo ak gwoup moun ki fè pati ekip founisè li yo.



#### Kisa nou dwe fè?

- Konprann ak respekte tout lwa ki aplike yo ak konvansyon entènasyonal sou dwa moun MOWI entegre ak apiye yo
- Identifie kote ki kapab genyen gwo risk nan operasyon MOWI yo sou vyolasyon dwa moun akoz kondisyon lokal yo, menm si se ta founisè li yo oswa gwoup moun ki fè pati ekip founisè li yo, kliyan li yo, oswa nan pratik li yo.
- Asire nou yo envesti ak swiv de prè tout sitiyasyon oswa akizasyon sou vyolasyon dwa moun yo



#### Dwe atantif avèk

- Repons ki ezite yo oswa ki pa sifi asosye komèsyal yo bay devan kesyon kontrè nou yo
- Alèt wouj lè gen kèk pati kap eseeye evite yon vizyon ki ouvè ak san pati pri sou pwòp operasyon li yo oswa kondwit yo oubyen ranplasan founisè li yo.

## 7.2

# Angajman sosyal

MOWI gen pou objektif primòdial kenbe relasyon pozitif yo avèk kominote lokal yo kote lap reyalize operasyon li yo ak kontribiye nan devlopman nan moman pal yo.



## Kisa nou dwe fè?

- Prete atansyon avèk opinyon yo oswa kritè kominote lokal yo genyen avèk respè pou aktivite MOWI yo.
- Etabli dyalòg ki ouvè epi pozitif pou jwenn benefis resipwòk yo oswa solisyon ki akseptab si tout fwa ta genyen dout ak prewokipasyon
- Kenbe yon atitud ki ouvè devan opinyon ki diferan yo oswa erè yo.
- Apiye kominote lokal yo ak aktivite kiltirèl yo nan bay don ak sipò



## Dwe atantif avèk

- Sitiyasyon kote aktivite MOWI yo kapab koze deranjman nan kontaminasyon bri kapab bay, odè, oswa entèferans vizyèl
- Opòtinite pou bay kontribisyon ki pozitiv nan kominote lokal yo nan parennaj, don (ki gen ladan kontribisyon ki pa gen rapò ak lajan ak angajman volontè)

## 7.3

# Atachman ak prensip mondyal yo

Mowi atachel avèk prensip mondyal ak nasyonal yo nan bon pratik avèk antrepriz yo, ki gen ladan:

- ➡ Pak mondyal avèk nasyon ini yo.
- ➡ Règleman organizasyon pou koperasyon ak dewoulman ekonomik (OCDE)
- ➡ Kòd pratik Novèj yo pou gouvènans antrepriz yo



## Kisa nou dwe fè?

- Konnen nan fason jeneral règleman nasyonal ak entènasyonal MOWI ap swiv yo epi pran yo an konsiderasyon kote yo enpotan pou operasyon nou yo.
- Travay avèk depatman komunikasyon an ak lòt anplwaye antrepriz yo pou kenbe ouvètman pwopagasyon ak kontabilite aktivite MOWI yo ki gen relasyon ak prensip sa yo.
- Poze chèf sipevizè yo kesyon oswa dout ou genyen yo sou aplikasyon prensip sa yo.



## Dwe atantif avèk

- Aktivite avèk sitiysyon ki kapab manke stabilite nan règleman MOWI yo epi ki kapab tante rete an sekrè
- Dekouraje denonsyasyon sitiysyon ilegal yo oswa lòt restriksyon sou transparans nan relasyon aktivite komèsyal oswa operasyon MOWI yo.

# Konfimasyon

Mwen konprann se responsabilite mwen pou mwen kapab li, konprann epi rete a jou sou dispozisyon ki pran nan kòd kondwit MOWI an, tankou kòman pou mwen mande klarifikasyon oswa ekstansyon enfòmasyon lè li nesesè, avèk prensip ki ekri nan kòd kondwit lan.

Mwen konfime mwen te resevwa yon kopi kòd kondwit lan kòm obsèvasyon. Mwen konprann derespekte oswa vyole kòd kondwit lan kapab koz yo pran mezi disiplinè (ki kapab menm koze revokasyon)

Mwen konfime mwen te genyen posibilité pou mwen poze kesyon sou dout mwen genyen yo ki nan kòd kondwit lan.

**Siyen**

---

**Dat**

---

**Non**

---

## Enfòmasyon ak kontak

### Dirabilite

Pou plis enfòmasyon sou angajman nou avèk yon pratik biznis dirab, silvouplè konsilte paj entènèt nou an [www.mowi.com](http://www.mowi.com)

### Kontak – kòd kondwit

Pou enfòmasyon sou kontak nou, silvouplè konsilte seksyon Kòd Kondwit lan sou rezo Enfòmatik nou an oubyen nan biwo lokal Resous Imen an.

Nòt